

THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

Office of Academics
Early Childhood Education

Direktiv pou Prezans Regilye ak Kondwit nan Pwogram Volontè Prekindègadenn (VPK) diran Lete 2025

Byenveni nan pwogram preskolè VPK diran Lete Broward County Public Schools (BCPS) ofri. Tout paran ak elèv patisipan blije respekte règ Leta ak Distri a, ki esplike nan dokiman sa.

BCPS ap ofri pwogram preskolè diran lete, ki rele Summer VPK program, epi enstriksyon an gratis pandan tout yon jounen konplèt. Tanpri li ak anpil atansyon enfòmasyon swivan ki esplike anba a. Kòm kondisyon patisipasyon pitit ou nan pwogram preskolè VPK diran Lete (Summer VPK program), epi nan kad pwosesis aplikasyon an, nou va mande ou siyen, apwouve ou dakò ak kondisyon prezans ak absans (attendance) pitit ou nan pwogram la.

Dokiman sa gen ladann enfòmasyon sa-yo:

- Finansman epi Prezans Regilye nan pwogram VPK
- Kondisyon Egzijib Toulejou Rejistre Antre/Sòti (Sign-in/Out)
- Verifikasyon Prezans Chak Mwa
- Rapòte Absans Pitit Ou
- Rive Anreta ak/oswa Ranvwa Bonè
- Lè ou Vin Chache Pitit ou Anreta
- Mande Transfè epi Re-anwolman ak Yon Lòt Lekòl/Founisè Pwogram VPK

Finansman epi Prezans Regilye nan pwogram VPK

Vin lekòl toulejou enpòtan anpil pou elèv ki ale nan Pwogram Volontè Prekindègadenn [Voluntary Prekindergarten (VPK)]. Prezans pitit ou **obligatwa** toulejou epi asire pitit gason/pitit fi ou resevwa aktivite ak enstriksyon ki va ede li reyisi nan Kindègadenn epi apre. Diplis, pwogram VPK *Broward County Public Schools (BCPS)* resevwa finansman nan men Leta pou prezans regilye pitit ou lekòl. Chak jou pitit ou nan klas la, lekòl la rejistre non pitit ou si li vin nan klas. Nan fen chak mwa, depatman Early Childhood Education (ECE) soumèt bay Leta yon demann finansman anrapò ak kantite jou pitit ou te prezan nan klas. Si pitit ou pat prezan nan klas, pitit gason/pitit fi ou pap resevwa enstriksyon pwogram la; kifè sètifika VPK (VPK Certificate) ou andwa resevwa pap apwouve, epi finansman pwogram la ka redwi, sa va afekte abilitè nou anseye klas pwogram la. **Kidonk, twa (3) absans oswa plis ki pa eskize/ki pa rapòte, oswa pran abitid absan (pattern of non-attendance) ka lakòz yo ranvwaye pitit la nan pwogram la.**

Kondisyon Obligatwa Toulejou Rejistre Antre/Soti

Konfòmman ak kondisyon ekzijib Leta apwouve pou pwogram VPK, chak jou, yo dwe siyen/rejistre non pitit ou (sign in/out). Sepandan, pou yon pwogram fonksyone nan BCPS, estaf lekòl la va rejistre non elèv/dokimante antre epi soti (sign-in and sign-out) nan rejis elektwonik, kotidyen, prezans regilye toulejou.

Pwosedi lè w'ap depoze oswa vin chache pitit ou (Arive ak Depa)

Akòz preyoqipasyon aktyèl konsènan sirte ak sekirite, aksè nan bildin lekòl yo, limite. Pakonsekan, pwosedi depoze ak vin chache elèv VPK va reflète pwosedi depoze ak vin chache, ki anplas, nan chak lekòl, jan direktè/direktris lekòl la detèmine sa. Paran/gadyen ki gen pitit li nan pwogram VPK, va depoze pitit la nan zòn espesyal deziye pou machin, kote estaf lekòl la va resevwa timoun yo. Anplwaye lekòl la va dokimante/rejistre tout arive ak ranvwa elèv grasa pwosedi verifikasyon elektwonik prezans elèv toulejou. Pandan pwosesis aplikasyon anliy ou te mete inisyal ou epi siyen elektwonikman. Inisyal ak siyati ou va sèvi kòm konsantman pou lekòl la rejistre pitit ou lè li rive epi soti lekòl la, jan sa esplike anwo a. **Vyolasyon pwosedi lekòl la oswa BCPS pou arive ak/oswa ranvwa ka lakòz yo ranvwaye pitit ou nan pwogram la.**

Verifikasyon Prezans Elèv la Chak Mwa

Nan fen chak mwa, ou va resevwa yon rapò avèk rezime prezans ak absans pitit ou, oswa ou ka aksede dirèkteman rapò prezans pitit ou grasa sistèm Focus SIS la. Se responsablite paran/gadyen pou li tcheke tout bagay sa yo:

- Revwa rapò prezans pitit li nan klas pou verifye si rapò a kòrèk.

THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

Office of Academics
Early Childhood Education

- Notifye pwofesè a oswa asistan pedagogik/èd pwofesè si gen erè oswa si yo bezwen pote koreksyon ki nesèsè.
- Si rapò a kòrèk, paran dwe siyen epi date fòm ***Student Attendance and Parental Choice Certificate (Fòm Kout)*** pou konfime sa ki nan rapò a kòrèk, vledi jou pitit li prezan oswa absan EPI ou gen entansyon kite pitit ou kontinye nan pwogram la nan lekòl la.
- Siyati Paran/gadyen obligatwa chak mwa (Jen & Jiyè).
- Ou va resevwa enstriksyon apa avèk espikasyon pwosesis siyati sou fòm ***Student Attendance and Parental Choice Certificate (Fòm Kout)***. Yon pwosesis ki dwe fèt chak mwa.

NOTE: Paran pa dwe siyen fòm ***Student Attendance and Parental Choice Certificate (Fòm Kout)*** anvan fen mwa a. Si yo mande ou siyen fòm la anvan dènye jou mwa a, rele nimewo 754-323-4750 epi touswit enfòm depatman ECE Department.

NOTE: Siyati ou chak mwa sou fòm ***Student Attendance and Parental Choice Certificate (Fòm Kout)*** nesèsè konsa pwogram la va kontinye resevwa finansman. Si ou pa siyen fòm ***Student Attendance and Parental Choice Certificate (Fòm Kout)*** oswa avèti pwofesè a yo bezwen pote koreksyon ki nesèsè nan rapò prezans, **sa ka lakòz yo va ranvwaye pitit ou nan pwogram la.**

Rapòte Absans Pitit ou

Nou konprann gendefwa pitit ou ka absan. Sizoka pitit ou dwe absan lekòl, se responsablite paran/gadyen pou rele lekòl la epi rapòte absans la anvan 8:00 a.m. (uitè nan maten). **Twa (3) absans oswa plis absans ki pa eskize oswa ki pa rapòte oubyen pran abitid absan lekòl, ka lakòz yo va ranvwaye pitit ou nan pwogram la.**

Rive anreta ak/oswa Ranvwa Bonè (Soti anvan lè lekòl lage)

Nou konprann gen sikonstans ak moman ki blije ou rive anreta oswa vin chache pitit ou anvan jounen lekòl la fini ak/oswa diran lè pwogram la ap fonksyone. Rive anreta ak/oswa soti pi bonè anvan lekòl lage, menmsi sa nesèsè pafwa, koze deranje enstriksyon pitit ou epi klas la. Pakonsekan, rive anreta ak/oswa soti anvan lè lekòl lage ta dwe rive sèlman nan sitiyasyon nesèsite ak/oswa ijans byen dokimante. **Pran abitid soti lekòl la anvan lè lekòl lage ka lakòz yo va ranvwaye pitit ou nan pwogram la.**

Lè ou Vin Chache Pitit ou Anreta

Paran/gadyen legal dwe aranje li pou vin chache timoun lan alè, chak jou, nan lè pwogram la pran fen. Pou paran ki pa ka vin chache pitit li nan lè pwogram la fini/nan fen jounen lekòl, pwogram siveyans timoun piti apre lekòl (after school care/aftèkè) ap disponib; ou ka peye frè. Kontakte lekòl la pou enfòmasyon sou founisè sèvis yo itilize.

Lè paran pa vin chache yon elèv alè, nap mennen elèv la nan biwo administrasyon (front office) epi sitiyasyon an jere selon pwosedi reta lekòl. **Pran abitid vin chache pitit ou anreta ka lakòz yo ranvwaye pitit ou nan pwogram la.**

Mande Transfè ak Re-anwolman ak yon lòt Lekòl/Founisè pwogram VPK.

Si li nesèsè pou retire pitit ou nan lekòl la ak/oswa ou ta vle re-anwole ak lòt founisè pwogram VPK ki apwouve, paran ta dwe fè tout demach sa yo:

- 1) Notifye lekòl pitit ou ap frekante kounyea ke ou pral retire pitit ou epi bay lekòl la dènye dat pitit ou ap vini nan klas pwogram la nan lekòl sa.
- 2) Notifye Kowalisyon Aprantisaj Bonè/*Early Learning Coalition (ELC) of Broward County*. Rele yo nan nimewo 954-377-2188. Notifye ELC trè enpòtan paske lekòl anvan an dwe otomatikman sispann itilize sètifika VPK (VPK Certificate). Paran ka kontakte ELC pou tout kesyon konsènan re-anwolman.
- 3) Vizite sit Entènèt [Family Portal](https://familyservices.floridaeearlylearning.com) (<https://familyservices.floridaeearlylearning.com>), se yon pòtay pou fanmi Leta kreye, konekte sou sit la (log in) ak menm adrès imel epi modpas ou te itilize pandan aplikasyon inisyal pou obteni sètifika VPK, *VPK Certificate*. Yon fwa ou konekte sou sit Family Portal, chwazi opsyon “Re-enrollment” epi swiv enstriksyon pou konplete aplikasyon re-anwolman.
- 4) Notifye depatman Early Childhood Education Department, voye yon imel, adrès elektwonik vpkparentportal@browardschools.com.

THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

Office of Academics
Early Childhood Education

Kondwit/konpòtman

BCPS atann aske chak elèv dwe konpòte li yon fason kòrèk touttan. Savledi trete moun ak respè epi konpòte yon fason ki pa deranje oswa twouble aprantisaj lòt elèv oubyen fonksyonman saldeklas la. Elèv ki manifeste yon kondwit ki pa apwopriye tankou, men pa limite ak, mòde, bay koutpye, rele, bay koutpwen, frape, kouri sove, derespekte granmoun oswa derespekte timoun, oswa detwi pwopriyete, sa ki pou lezòt, lekòl la va itilize teknik, estrateji ak entèvansyon apwopriye pou ede elèv sila amelyore kondwit li. Chak estrateji ak entèvansyon adapte pou laj timoun nan. Anplwaye yo itilize teknik, estrateji ak entèvansyon ki konsistan avèk kourikoulòm depatman *ECE Department* apwouve. Lekòl la va kontakte paran/gadyen si move kondwit la toujou ap pèsiste. **Nou kwè, nan kad esperyans preskolè andedan saldeklas, anseye kondwit apwopriye ke timoun va aprann se sak ki pi enpòtan. Sepandan, yon timoun ki manifeste kondwit ki afekte pwòp sekirite li oswa kondwit la nwi pwosesis aprantisaj pou li-menm oswa lezòt, yo ka retire pwovizwaman timoun lan nan saldeklas VPK pou rezon sekirite.**

Fèmti lekòl nan ka Ijans/Emèjensi

Nan ka fèmti lekòl akòz ijans oswa lòt rezon, pwogram ak lekòl VPK BCPS, va swiv direktiv Federal, Leta, lokal ak BCPS pou sa ki konsène prezans ak absans elèv.

Avi Opsyon pou Paran/Gadyen elèv pwogram preskolè VPK

N'ap di ou mèsè dèske ou chwazi Lekòl Piblik, *Broward County Public Schools (BCPS)* kòm founisè pwogram VPK pou pitit ou. Kòm paran/gadyen, ou gen posiblite chwazi pami founisè pwogram VPK.

Tanpri aprann konnen kòm yon patisipan nan pwogram VPK Leta Florid finanse, ou toujou ka chwazi founisè pwogram VPK, ki va bay pitit ou, sèvis. Kennenpòt moman, ou ta renmen konsidere yon lòt lekòl VPK BCPS oswa mande transfè ak yon lòt founisè pwogram VPK prive, ki pa fè pati BCPS, ou ka fè demach la yo pap penalize ou oswa ou pap pèdi ènstriksyon ki rete nan pwogram la.

Pou plis enfòmasyon konsènan founisè pwogram VPK prive, ki disponib, tanpri vizite sit Entènèt [Early Learning Coalition of Broward website](https://www.elcbroward.org/) (<https://www.elcbroward.org/>) oswa rele nimewo telefòn 954-377-2188.

RAPÈL: Verifikasyon Prezans Chak Mwa (gade enfòmasyon an anwo a)

Siyati ou chak mwa sou fòm *Student Attendance and Parental Choice Certificate (Fòm Kout)* nesèsè konsa pwogram la va kontinye resevwa finansman. Si ou pa siyen fòm *Student Attendance and Parental Choice Certificate (Fòm Kout)* oswa avèti pwofesè a yo bezwen pote koreksyon ki nesèsè sou rapò prezans, **sa ka lakòz yo va ranvwaye pitit ou nan pwogram la.**

Dokiman sa siseptib gen chanjman ak/oswa modifikasyon. Paran/gadyen va resevwa enfòmasyon nan mesaj lekòl la oswa nan mesaj imel, si sa ta vin nesèsè pou pote chanjman oswa modifikasyon nan nenpòt pati dokiman/akò sa.

Mwen fè lekti, konprann epi dakò ak enfòmasyon ki esplike anwo a. Otorizasyon ak pèmasyon ki akòde anwo a dwe rete anvigè esepite si paran ki siyen anba, revoke yo alekri epi notifiye Depatman *Early Childhood Education Department*. Fòm Refi konsantman (Denial of consent) disponib si paran an mande fòm la.

Prenon Paran

Siyati Paran

Prenon Timoun lan

Siyati Timoun lan

Siyati Paran

Dat